Montre w Entèlijan ak Charyo a

PROJECT FIRSTLINE

Kontwòl enfeksyon kòmanse ak charyo EVS ou a.

Retire gan yo epi netwaye men w avan w retire nouvo materyèl nan charyo a.

Restoke atik yo nan kòmansman peryòd travay ou a epi asire w pwodui w ap sèvi yo pa ekspire.

Toujou kenbe charyo EVS la yon kote w kapab wè li.

Netwaye ak dezenfekte regilyèman charyo w la.

Planifye alavans pou redui kantite fwa ou touche charyo a pandan w ap fè netwayaj.



Pa kite zafè pèsonèl ou nan charyo a.



Fè bon jan separasyon ant atik ki pwòp yo parapò ak sa ki sal yo.

Make sure diluted chemicals are labeled and dated, with liquids kept at the bottom of the cart.

Aprann Plis

Enfografi Sifas Sèch yo: https://bit.ly/3NsoUtV
pou w Li Etikèt yon Dezenfektan: https://bit.ly/4bxqVy7

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

Gid Diskisyon Mikwo-Aprantisaj:

PROJECT FIRSTLINE

Charyo Pwòp ak San Danje pou Sèvis Anviwònman (EVS)

Prepare:

Travayè sèvis anviwònmantal yo (EVS) se premye liy defans nan kanpe move jèm pou yo pa pwopaje nan nviwònman sante. Travayè EVS yo sèvi ak charyo yo chak jou atravè etablisman an donk li enpòtan pou kenbe yo pwòp yon fason pou yo pa pwopaje jèm. Kenbe charyo yo òganize tou ap ede kenbe yo pwòp. Ofiramezi w ap prezante enfòmasyon annapre a, ofri egzanp enpòtan bay ekip ou a ak nenpòt direktiv espesifik ak etablisman w lan ki genyen rapò ak sijè sa a.

Pataje enfòmasyon kle:

- Jèm kapab pwopaje byen fasil soti ak ale nan charyo EVS, ki se rezon ki fè kenbe yo pwòp enpòtan.
  - Pa touche charyo pwòp ou a oswa pwovizyon yo ak gan ki sal oswa ak men sal.
    - Retire gan yo epi netwaye men w avan w pran nouvo pwovizyon nan charyo a.
  - Netwaye ak dezenfekte regilyèman charyo w la selon politik etablisman w lan, espesyalman sifas moun manyen plis yo tankou manch ak tiwa yo.
    - **Nòt fasilitatè a:** Bay kèlke egzanp sou fason jèm yo gendwa pwopaje ale oswa soti nan charyo a epi pataje politik etablisman w lan sou fason pou netwa ak dezenfekte charyo EVS yo.
- Genyen yon charyo òganize rann travay netwayaj ak dezenfeksyon yo pi fasil.
  - Kenbe bwòs twalèt, tèt mòp, ak lòt materyèl yo reyitilize anba charyo a, yon fason pou yo pa kontamine materyèl ki pwòp yo.
  - Verifye pou w asire w pwodui w ap itilize yo pa ekspire, paske pwodui ekspire pa travay byen pou tiye jèm.
  - Asire w pwodui chimik pou melanj yo genyen bon etikèt sou yo, yo pa ekspire epi yo rete anba charyo a pou anpeche yo gaye.
  - Pa kenbe byen pèsonèl nan charyo a, paske yo kapab sal epi simaye jèm.
- Planifye alavans pou diminye kantite fwa w ap genyen pou retire gan w epi netwaye men w avan w touche charyo a pandan netwayaj.

Ranfòse pwen kle yo:

- Charyo EVS yo jwe yon wòl enpòtan nan ede w fè travay ou.
- Yon charyo EVS ki pwòp epi byen òganize kapab anpeche w simaye jèm danjere, pwoteje w, kòlèg travay ou yo, ak pasyan w yo.

PROJECT FIRSTLINE

Gid Itilizatè a



Konsènan Mikwo-Aprantisaj EVS

Travayè sèvis anviwònman (EVS) se manm enpòtan nan ekip sante a epi yo jwe yon gwo wòl nan kanpe pwopagasyon jèm nan sante. Pwojè Mikwo-Aprantisaj Firstline: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon se yon seri diskisyon gide k ap ofri opòtinite edikasyon tou kout nan travay la sou sijè enpòtan konsènan enfeksyon nan travay EVS.

Itilizasyon Mikwo-Aprantisaj EVS

Mikwo-aprantisaj la gendwa enkòpore nan opòtinite kote travayè EVS yo reyini, tankou "rasanbleman" oswa reyinyon ekip anvan peryòd travay. Se yon manm ekip ki genyen eksperyans nan ekspètiz espesifik kontwòl enfeksyon EVS ki dwe dirije oswa fasilite reyinyon an.

Chak pake mikwo-aprantisaj EVS genyen ladann yon gid diskisyon ki kapab adapte pou fasilitatè ak yon oksilyè travay. N ap ankouraje fasilitatè yo pou revize avan yo prezante.

Gid Diskisyon Gid diskisyon an pa yon eskrip. N ap ankouraje fasilitatè yo pou adapte gid la pou piblik yo, pou sa y ap enkòpore kesyon ak lide enpòtan ak pratik ladann. Pa egzanp, fasilitatè yo kapab konekte kontni a ak responsablite travay piblik la, ka oswa pwoblèm ki konsène etablisman an, resous ak pwen kontak, ak lòt enfòmasyon.

Èd Travay. Dokiman yon paj, èd travay vizyèl pou ede ranfòse mesaj kle mikwo-aprantisaj la. N ap ankouraje fasilitatè yo pou rann èd travay la disponib apre sesyon mikwo-aprantisaj la sou fòm dijital oswa kopi di.

Sèvi ak kòd QR la pou bay fidbak sou fòmasyon sa a.

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION